# SANLÍ MÁKÁN SHARAYATÍNDA JASLAR SANASÍNDA ǴALABALÍQ SANASÍZLÍQ JAǴDAYLARÍNÍŃ QÁLÍPLESÍWÍ

**Mambetnazarova Mexribanu Tolıbaevna** – *stajyor oqıtıwshı*
mambetnazarovamexribanu@gmail.com
*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ФОРМИРОВАНИЕ СОСТОЯНИЙ МАССОВОГО БЕССОЗНАТЕЛЬНОГО В СОЗНАНИИ МОЛОДЕЖИ В УСЛОВИЯХ ЦИФРОВОГО ПРОСТРАНСТВА

**Мамбетназарова Мехрибану Толыбаевна** – *стажёр преподаватель*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# THE FORMATION OF THE STATE OF THE COLLECTIVE UNCONSCIOUS IN THE CONSCIOUS NESS OF YOUTH IN THE CONTEXT OF THE DIGITAL SPACE

**Mambetnazarova Mexribanu Tolibaevna** – *trainee teacher*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** ommaviy ongsizlik, raqamli makon, yoshlar psixologiyasi, konformizm, ijtimoiy tarmoqlar, tanqidiy fikrlash.

**Rezyume.** Ushbu maqolada raqamli makon sharoitida yoshlar ongida ommaviy ongsizlik va ijtimoiy tarmoqlarning tanqidiy fikrlash va qaror qabul qilish jarayoniga ta’siri ijtimoiy-psixologik jihatdan yoritiladi.

**Ключевые слова:** массовое бессознательное, цифровая среда, психология молодежи, конформизм, социальные сети, критическое мышление

**Резюме.** В статье рассматриваются социально-психологические особенности формирования массового бессознательного у молодежи в условиях цифровой среды, а также влияние социальных сетей и алгоритмического контента на критическое мышление и принятие решений.

**Key words:** mass unconsciousness, digital environment, youth psychology, conformism, social networks, critical thinking

**Summary.** The article examines the socio-psychological characteristics of the formation of mass unconsciousness among youth in the digital environment, focusing on the influence of social networks and algorithmic content on critical thinking and decision-making.

**Kirisiw.** XXI ásir tarıyxı informaciyanıń júdá kúshli tezlikte tarqalıwı menen xarekterlenedi. Sanlı texnologiyalar hám sociallıq tarmaqlar insan ómiriniń bárshe tarawlarına, tiykarınan, jaslar sanasına kúshli tásir kórsetpekte.

Búgingi jas áwladtıń dúnyaqarası, qádiriyatları, sociallıq minez-qulqı kóp tárepten sanlı mákánda qáliplespekte. Bul processte jeke pikirdiń páseyiwi hám ǵalabalıq pikirge eriw jaǵdaylarınıń kúsheyiwi baqlanbaqta [1].

Ilimiy ádebiyatlarda bul jaǵday “ǵalabalıq sanasızlıq” túsinigi menen táriyiplenedi. Ǵalabalıq sanasızlıq jaslardıń qarar qabıl etiw procesinde ózbetinshe analiz ornına topar pikirine súyeniw, trendler hám ataqlı shaxslar tásirinde pikiriniń qáliplestiriwi menen kórinedi [2]. Sol sebepli bul mashqalanı psixologiyalıq tárepten úyreniw aktual ilimiy wazıypalardan biri bolıp sanaladı.

Ilimiy maqalamızdıń maqseti – sanlı mákán sharayatında jaslar sanasında ǵalabalıq sanasızlıqtıń qáliplesiwi mexanizmlerin teoriyalıq hám ámeliy tárepten analiz etiw bolıp esaplanadı.

**Ǵalabalıq sanasızlıq túsiniginiń teoriyalıq tiykarları.** Ǵalabalıq sanasızlıq túsinigi eń birinshi márte frantsuz alımı Gustave Le Bon tárepinen ilimiy aylanısqa kiritilgen. Oǵan kóre, individ topar ishinde bolǵanında óziniń individual sanalıq qadaǵalawın joǵaltadı hám jámáát sezimlerine boysınadı [3]. Nátiyjede jeke juwapkershilik páseyedi, sezimler kúsheyedi hám racional pikirlew páseyedi.

Zigmund Freyd ǵalabalıq minez-qulıqtı shaxstıń sanasız meyilleri menen baylanıstırıp, alaman ishinde individ regress jaǵdayına túsiwin aytıp ótedi [4]. Bul jaǵdayda shaxs balalarsha boysınıwshań eliklewge meyil bolıp qaladı.

Karl Gustav Yung teoriyasında ǵalabalıq sanasızlıqtı kollektiv sanasızlıq túsinigi menen tikkeley baylanıstıradı. Karl Yung teoriyası boyınsha kóre, insan sanasında jámiyet tárepinen miyras bolıp kiyatırǵan arxetipler bar bolıp, olar minez-qulıq hám qarar qabıl etiwge sezilerli tásir etedi [5].

Zamanagáy sociallıq tarmaqlarda “qaharman”, “tabıslı shaxs”, “ideal ómir” sıyaqlı arxetipler aktiv úgit-násiyat etiledi. Jaslar bul obrazlardı sanalı ráwishte emes, al sanasız dárejede qabıl etedi hám olarǵa elikleydi.

Búgingi kúnde sociallıq tarmaqlar algoritmler tiykarında isleydi. Bul algoritmler paydalanıwshılardıń qızıǵıwlarına mas kontentti usınıs etip, onı belgili informaciya sheńberinde “qamtıp aladı” [6]. Nátiyjede jaslar túrli pikirlerdi salıstırıw imkanınan ayrılıp, ǵalabalıq pikirdi haqıyqat sıpatında qabıl ete baslaydı.

Banduranıń social kognitiv teoriyasında aytılǵanday, baqlaw hám eliklew insan minez-qulqınıń tiykarǵı mexanizmlerinen biri sanaladı [7]. Sanlı mákánda bul process bir neshe márte tezlesedi.

Festingerdiń sociallıq salıstırıw teoriyası boyınsha kóre, insan óz pikirin basqalar menen salıstırıp bahalaydı [8]. Sociallıq tarmaqlarda bolsa bul process turaqlı tús aladı. Like, repost hám kommentariyler jaslar ushın sociallıq bahalaw quralına aylanadı.

Bunıń nátiyjesinde tómendegi jaǵdaylar bahalanadı:
- sın pikirlew páseyedi;
- óz betinshe qarar qabıl etiw qıyınlasadı;
- ǵalabalıq pikir ústinlik etedi [9]

**Emperikalıq izertlewdi shólkemlestiriw hám ótkiziw shárt-sharayatları.** Bul emperikalıq izertlew 18-25 jasındaǵı jaslar arasında ótkizildi. Ízertlewde joqarı tálim orınlarında tálim alıp atırǵan studentler qatnastı. Respondentler sociallıq tarmaqlardan aktiv paydalanatuǵın jaslar bolıp, olardıń kúndelikli informatsiya tutınıwshılıǵı sanlı mákán menen tıǵız baylanıslı.

Izertlew onlayn formada Google Forms platforması arqalı ámelge asırıldı. Bul usıl respondentlerdiń anonimligin támiyinleydi hám olardıń juwapları da sociallıq tiyislilik effektin kemeytiredi. Izertlew erkli hám sırlılıq printsiplerine tiykarlanǵan halda alıp barıldı.

Izertlew úsh basqıshta shólkemlestirildi:

1. Diagnostikalıq metodikalar tańlaw hám beyilestiriw;
2. Sorawnama tarqatıw hám maǵlıwmatlardı jıynaw;
3. Alınǵan nátiyjelerdi statistikalıq hám mazmunı tárepinen analiz etiw.

**Emperikalıq izertlew qatnasıwshılarınıń sıpatlaması.** Izertlewde 120 respondent qatnastı.

| Kórsetkish | Muǵdar |
|---|---|
| Jámi respondentler | 120 |
| Hayallar | 68 (56,7%) |
| Erkekler | 52 (43,3) |
| Ortasha jas | 21,4 jas |
| Kúnine sociallıq tarmaqlarǵa bóliw waqtı | 3-6 saat |

Respondentlerdiń kópshiligi Instagram, Tik Tok hám Telegram platformalarınan kúndelikli paydalanıwın bildirgen. Bul jaǵday izertlew obyekti ushın jeterli reprezentativlikti támiyinleydi.

**Emperikalıq izertlew metodları hám olardıń sıpatlaması.** Emperikalıq izertlewde tómendegi psixodiagnostikalıq metodlar qollanıldı:

**1.1. Media tutınıw dárejesin anıqlaw shkalası.**

Bul shkala respondentlerdiń sociallıq tarmaqlardan paydalanıw chastotası hám intensivligin anıqlawǵa qaratılǵan. Shkala 10 sorawdan ibarat bolıp, Liker tipindegi (1-5 ball) juwaplar tiykarında bahalanadı.

Bahalaw kriteriyaları:

1-2 ball – pás media aktivlik

3 ball – ortasha

4-5 ball – joqarı media aktivlik

Bul shkala jaslardıń sanlı mákánǵa qánshelli dárejede baylanǵanlıǵın anıqlaw imkanın beredi.

**1.2. Ǵalabalıq sanasızlıq dárejesin anıqlaw sorawnaması.**

Ǵalabalıq sanasızlıq ólshew ushın avtorlıq tiykarında islep shıǵılǵan sorawnama qollanıladı. Bul sorawnama 12 bantten ibarat bolıp, tómendegi indikatorlardı qamtıp aldı:

- topar pikirine boysınıw;
- trendke eriw;
- ataqlı shaxslar tásirine meyillik;
- informaciyanı sın kózqaras penen teksermesten qabıl etiw.

Úlgi sorawlar:

“Kópshilik maqullanǵan pikir maǵan isenimli túyiledi”

“Trend bolǵan pikirge qarsı shıǵıw qolaysız sezim oyatadı”.

“Ataqlı bloger aytsa, bul durıs bolsa kerek dep oylayman”.

Jıynalǵan ballar tiykarında ǵalabalıq sanasızlıq indeksi esaplanadı.

**1.3. Sın pikirlew dárejesin anıqlaw shkalası.**

Respondentlerdiń sın pikirlew dárejesin anıqlaw ushın Watson Glaser testine beyimlestirılǵen qısqartırılǵan forması qollanıladı. Test tómendegi komponentlerdi ólsheydi:

- informatsiyanı qabıl etiw qábileti;
- dálillerdi parıqlaw;
- ózbetinshe juwmaq shıǵarıw.

Nátiyjeler úsh dárejege ajıratıldı:

- Pás dáreje;
- orta dáreje;
- joqarı dáreje.

**1.4. Konformizmge meyillik testi.**

Konformizm dárejesin anıqlaw ushın Asch paradigması tiykarında islep shıǵılǵan sorawnama qollanıladı. Test respondenttiń:

- topar pikirine beyimlesiw dárejesi;
- qarsı pikir bildiriwge bolǵan psixologiyalıq tayarlıqtı anıqlaydı.

**Media tutınıwshılıǵı hám ǵalabalıq sanasızlıq ortasındaǵı baylanıslılıq.** Nátiyjeler sonı kórsetedi, sociallıq tarmaqlardan kúnine 4 saattan artıq paydalanatuǵın respondentlerde ǵalabalıq sanasızlıq indeksi sezilerli dárejede joqarı bolǵan.

| Media aktivlik | Ǵalabalıq sanasızlıq (ortasha ball) |
|---|---|
| Pás | 2,4 |
| Ortasha | 3,1 |
| Joqarı | 4,6 |

Bul cifralar sociallıq tarmaqlardan paydalanıw intensivligi menen ǵalabalıq sanasızlıq ortasında tuwrıdan-tuwrı baylanıs bar ekenligin kórsetedi.

**Sın pikirlew hám ǵalabalıq sanasızlıq ortasındaǵı múnásibet.**

| Sın pikirlew dárejesi | Ǵalabalıq sanasızlıq (ortasha ball) |
|---|---|
| Pás | 3,3 |
| Ortasha | 4,2 |
| Joqarı | 2,1 |

Bul nátiyjeler sın pikirlew qorǵanıw faktorı ekenligin ilimiy tárepten tastıyıqlaydı.

**Konformizm hám ǵalabalıq sanasızlıq ortasındaǵı baylanıslılıq.**

Konformizmge joqarı meyillik kórsetken respondentlerde ǵalabalıq sanasızlıq dárejesi de joqarı boladı. Bul jaǵday jaslardıń qarar qabıl etiw procesinde topar basımına boysınıwdı kórsetedi.

Alınǵan empirik nátiyjeler G.Le.Bon, Z.Freyd hám K.Yung teoriyalıq kózqarasları menen sáykes keledi. Tiykarınan, sanlı mákán sharayatında ǵalaba sezimleri tez tarqalıp, individual sananı bastırılıwı ilimiy tárepten tastıyıqlandı.

Empirikalıq juwmaq:

1. Sociallıq tarmaqlardan intensiv paydalanıw ǵalabalıq sanasızlıqtı kúsheytiredi.
2. Sın pikirlew dárejesi pás bolǵan jaslar ǵalabalıq pikirge tezirek keledi.
3. Konformizm ǵalabalıq sanasızlıq tiykarǵı psixologiyalıq mexanizmlerinen biri bolıp esaplanadı.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, sanlı mákán jaslar sanasında ǵalabalıq sanasızlıqtı qáliplestiriwshi áhmiyetli faktor esaplanadı. Bul process sın pikirlewdiń páseyiwi, konformizmniń kúsheyewi hám jeke identitettiń ázzilewine alıp keledi. Sol sebepli, tálim sistemasında informaciyalıq sawatxanlıqtı asırıw hám óz betinshe pikirlewdi rawajlandırıwǵa óz aldına itibar qaratıwı lazım.

**Ádebiyatlar**


1. Prensky M. Digital Natives, Digital Immigrants . // On the Horizon. – United Kingdom: NCB University Press, 2001. Vol. 9, № 5. – P. 1-6-b.
2. Le Bon G. The Crowd: A Study of the Popular Mind. – London: T. Fisher Unwin, 1895.
3. Freud S. Group Psychology and the Analysis of the Ego. – Vienna: Internationaler Psychoanalytischer Verlag, 1921.
4. Jung C. G. Man and His Symbols. – London: «Aldus Books», 1964.
5. Bandura A. Social Cognitive Theory of Mass Communication. // Media Psychology. – USA, 2001. Vol. 3. 265-299-b.
6. Boyd D. It’s Complicated: The Social Lives of Networked Teens. – New Haven: Yale University Press, 2014.
7. Festinger L. A Theory of Social Comparison Processes. // Human Relations. – USA, 1954. Vol. 7. 117-140- b.
8. Cialdini R. Influence: The Psychology of Persuasion. – New York: «Harper Business», 2007.
9. Postman N. Amusing Ourselves to Death. – New York: «Penguin Books», 1985.
10. Tapscott D. Grown Up Digital. – New York: «McGraw-Hill», 2009.